# BASLAWÍSh KLASS OQÍWShÍLARÍNA "ANA TILI HÁM OQÍW SAWATLÍLÍǴÍ" HÁM "SÚWRETLEW ÓNERI" PÁNLERIN INTEGRACIYALAP OQÍTÍWDÍŃ MAZMUNÍ

**R.J.Muratkamalova** – *pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar**: kasbiy kompetensiya sifatlari, pedagogik mahorat, kreativlik qobiliyati, integrativ yondashuv.
**Ключевые слова:** качества профессиональной компетенции, педагогическое мастерство, креативность, интеграционный подход.
**Key words:** professional competence qualities, pedagogical skills, creativity, integrative approach.

**Kirisiw.** Búgingi kúnde baslawısh klaslarda ótilip atırǵan pánlerdiń oqıw dástúrleri hám sabaqlıqta berilgen materiallar sabaqtı integraciyalap ótiwge júdá qolaylı etip berilgen. Sabaqlardı integraciyalap ótiw oqıwshılardı ilimiylik, kásipke baǵdarlaw, izbe-izlilik, sistemalılıq, kórsetpelilik, túsiniklilik, tabaqalanıw kibi didaktikalıq prinsipler menen baylanısqan halda ámelge asırıladı.

Bul tema boyınsha Y.M.Kolegin, O.L.Aleksenko, Q.Miraxmedov, B.Yunusova, J.Uspanova, S.Abdurasilov, R.Xasanov, X.Abdijabbarovalar izertlew jumısların alıp barǵan.

**Tiykarǵı bólim.** Baslawısh klaslarda ótiletuǵın pánlerdiń basım kópshiligi klass basshıları tárepinen oqıtıladı. Bul bizge pánlerdegi ótilgen temalardı bir-biri menen baylanıstırıp ótiw imkaniyatın beredi. Máselen; 3-klass Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı hám Súwretlew óneri sabaǵın integraciyalap ótkenimizde oqıwshılar ana tili sabaǵında berilgen Watan shańaraqtan baslanadı – degen temada Shańaraq aǵzalarınıń dásturqan átirapında otırıp awqatlanıp otırǵan súwret berilgen. Bul súwret arqalı Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı pánin Súwretlew óneri páni menen baylanıstırıp ótiwimizge boladı. Bul tema sheńberinde Súwretlew óneri páninde shańaraq aǵzalarınıń súwretin salıwı múmkin. Oqıwshılardıń ótilgen temalardı bekkemlep barıwı ushın tómeninde tapsırma berilgen.

Oylap kóriń. Ne ushın shańaraq watan ishindegi kish-kene watan dep ataladı? Olardıń arasında qanday baylanıs bar?

*Mısalı: Eldi prezident basqaradı, al shańaraqtı ….*

Dostıńız benen sáwbetlesiń.

• Shańaraǵıńızda neshe adam bar?

• Siz neshinshi perzentsiz?

• Shańaraǵıńızda qanday kásip iyeleri bar?

• Úyińizde qanday tártip ornatılǵan? [1] – sıyaqlı tapsırma berilgen. Oqıwshılar bul tapsırmalardı orınlaw arqalı sorawlarǵa juwap tabıwdı úyrenedi.

Shańaraq, Watan haqqındaǵı túsinikleri qáliplesedi. Oqıwshılar hár qaysısı ózleriniń oylaw dárejesinen kelip shıqqan halda Shańaraq, Watan haqqında pikirlerin aytıp baslaydı. Sol pikirlerdi basqa oqıwshılar da esitip, pikirlewi keńeyip baradı.

Súwretlew óneri páninde de usı temaǵa jaqın "Balalıq" toplamınan Úshlik: "Watan ıshqında", "Ajaǵam ármiyadan keldi" sıyaqlı shańaraq aǵzalarına baylanıslı kórinisler berilgen. Oqıwshılar bul kórinislerdi kóriw arqalı Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı páninen ótilgen "Watan shańaraqtan baslanadı" temasın jáne bir márte esine túsirip bekkemlep aladı.

Oqıwshılarǵa súwret saldırıw arqalı olardıń ishki sezimlerin bilip alıwımızǵa boladı. Sonlıqtan baslawısh klass hám joqarı klass oqıwshılarına mektep psixologları tárepinen psixologiyalıq test jumısları ótkeriledi. Oqıwshılardıń sızǵan súwretleri járdeminde olardıń úyindegi jaǵdayı, oqıwshınıń psixologiyalıq jaǵdayı, ata-anasınıń balasına múnásibeti, ata-anasınıń ortasındaǵı mehir-muxabbat qanday ekenliklerin bilip alıwǵa boladı. Hátteki olardıń súwretlerdi boyaǵan waqıtları qanday reńlerden paydalanǵanlıǵına qarap ta psixologiyalıq jaǵdayların bilip alıwımızǵa boladı.

Baslawısh klaslarda Súwretlew óneri pániniń ótiliwi oqıwshını dúnyanı tanıw, turmısqa real kóz qarasta qaraw, tábiyattı súyiw, xalıqlar tariyxın biliwge úyretedi. Súwretlew óneri oqıwshılarǵa hám úlken jastaǵı adamlar ushın da bir qaraǵanda kúshli tásir kórsetedi. Oqıwshılardıń oylaw dárejesiniń keńeyiwi hám erkin pikirlewi ushın da úlken áhmiyetke iye. Oqıwshılar súwretlew óneri shıǵarmaların kóriw, olarda súwretlengen gózzallıqtı kóriw arqalı óz ómirine salıstırmalı túrde sińdiriwge háreket etedi, shıǵarmadaǵı qaharmanlıq háreketlerin kórip olardıń ornına ózlerin qoyıp kóredi. Súwretlerdegi unamsız waqıyalardı kórip ózleri onday unamsız islerdi islemewge juwmaq shıǵaradı. Tariyxıy janrdaǵı súwretlerdi kórip, ózlerin sol dáwirlerge túsip qalǵanday sezedi.

Súwretlew óner páni jas áwladtı tárbiyalawda úlken áhmiyetke iye, ol dúnyadaǵı hám kórkem ónerdegi gózzallıqlardı kóre alıwdı, estetikalıq kórkemlik talǵam hám mádeniyattı, fantaziya hám dóretiwshilikti qáliplestiredi. Oqıwshılar mektepte súwretlew óneri páni muǵalliminiń pedagogikalıq sheberligi arqalı gózzallıq álemine basqıshpa-basqısh kirip keledi. Jıllar dawamında ózlerinde adam ushın zárúr bolǵan júdá kóp sıpatlardı qáliplestirip baradı. Sonlıqtan, ullı filosof Aristotel «Súwret salıw balanı hár tárepleme rawajlandıradı» dep biykarǵa aytpaǵan [2]. Haqıyqatında da oqıwshılarǵa súwret saldırıw arqalı sana sezimin, oylawın rawajlandırıp, tábiyattı súyiwge úyretiwge baǵdarlaymız.

Óz náwbetinde integraciyalıq qatnasta basqa da didaktikalıq principlerge uqsap oqıtıwshıǵa qanday da bir tayar recept bermeydi, biraq onnan paydalanılǵan halda didaktikalıq hám metodikalıq máselelerdiń sheshimin anıqlaydı. Integraciyalaw dawamında bir-birine baylanıslılıq artadı, usı sistema bólimleriniń jumısı hám úyreniw obyektiniń pútinligi tártipke salınadı.

Zamanagóy didaktika hám metodikada atap ótiliwinshe, oqıwshılardı oqıtıw, rawajlandırıw hám tárbiyalawdıń jemisi olarda dúnya haqqındaǵı túsiniktiń qálipleskenligin, óz iskerligin ulıwma tábiyat nızamları tiykarında jolǵa qoyıw zárúrligin túsiniwi, Súwretlew óneri hám Ana tili hám oqıw sawatlılıǵı pánler aralıq hám pánler ishindegi baylanıslardı sheshe alıw menen baylanıslı. Integraciyalasqan sabaq basqa pánler, basqa oqıw predmetleri menen baylanıslı túsinikler analiziniń nátiyjeleri kirgiziledi. Máselen, "jaz," "ıssı," "quyash nurı kúydiredi," sıyaqlı túsinikler oqıw, rus tili, ózbek tili, tábiyattanıw, muzika, súwretlew óneri sabaqlarında kórip shıǵıladı [3]. Túsiniklerdiń analizi basqa oqıw sabaqlarında ózlestirilgen bilimlerge baylanıslı sabaqlar integraciyalasqan esaplanadı. Integraciyalanǵan sabaqlar - interaktiv bilimlendiriw sisteması bolıp, integraciyalıq bilimlerdi tereńlestiriw hám keńeytiw tiykarında kórgizbeli sheberlikti payda etiw sırların úyrenedi. Baslawısh tálimde integraciyanı ámelge asırıwshı buwın wazıypasın, oqıtıwshınıń ózi ámelge asıradı. Ol balalardıń arifmetikaǵa, jazıwǵa, tábiyat hám kóplegen dáslepki túsiniklerge

úyretedi. Óz kúsh hám imkaniyatları dárejesinde bul jumıstı ámelge asıradı. Baslawısh bilimlendiriwde integraciyanı bir-birine salıstırǵanda jaqın pánlerdi birlestiriw tiykarında kóriw maqsetke muwapıq esaplanadı.

Bilimlendiriwdiń keyingi basqıshlarında ol tiykarǵı pánlerdiń shegaraların birlestiriwge háreket etedi. Baslawısh klass pánlerin integraciyalawda unamlı hám unamsız faktorlardıń bar ekenligin de esapqa alıw kerek. Bul faktorlar integraciyalaw usılların belgilep beredi.

Y.M.Kolegin hám O.L.Aleksenko integraciyanıń unamsız faktorların kórsetip beredi: oqıw predmetleriniń sheklengen sanı - alınıp atırǵan bilimlerdiń mazmunın dúnyanıń haqıyqıy kórinisin, bólimleriniń óz ara baylanıslılıǵın sáwlelendiriw menen toltırıw múmkin. Baslawısh klaslarda áhmiyetli bolǵan oqıw, jazıw hám sanaw kónlikpelerin qáliplestiriw zárúr. Bul nárseler pánler arasında bólinip oqıtıwdı talap etedi. Biraq oqıw hám matematikanı oqıtıwdıń dástúriy tájiriybesi de keń integraciya imkaniyatları haqqında dárek beredi. Bunda oqıw páni sıpatında, tek ǵana kórkem tekstlerdi emes, tariyx, tábiyattanıw boyınsha materiallardı da óz ishine aladı. Sonıń menen birge Matematika, arifmetika, algebra hám geometriyalıq materiallardı da aytıp ótiwimizge boladı. Bunday integraciya áhmiyetli kónlikpelerdi payda etiwge kesent bermeydi, kerisinshe olardı qáliplestiriwge kepillik beredi. Joqarıdaǵılardı analizley otırıp tómendegishe juwmaqqa keliwimizge boladı:

– pánler arasındaǵı baylanıstıń aktuallıǵı onıń rawajlanıw tariyxın analizlewdi talap etedi, sonda ǵana pánler arasında baylanıstıń búgingi kúndegi áhmiyeti hám ilimge engiziw jolları ashıp beriledi;

– pánler arasındaǵı baylanıs mashqalasınıń rawajlanıwın anıqlaw, usı tarawdı izertlewshi ilimpazlardıń filosofiyalıq hám ilimiy kóz qaraslarınıń rawajlanıwı menen baylanıslı;

– bul qaralıp atırǵan mashqala pedagoglardıń kóz qarası, sociallıq jámiyettiń pedagoglar aldına qoyǵan talabı menen anıqlanadı;

– pánler arasındaǵı baylanıs pedagogikalıq hám didaktikalıq principler tiykarında ámelge asırılıwı kerek.

Zamanagóy didaktika hám metodikada atap ótiliwinshe, oqıwshılardı oqıtıw, rawajlandırıw hám tárbiyasındaǵı jetiskenlikleri olarda dúnya birligi haqqında túsinik qálipleskenligin, óz iskerligin ulıwma tábiyat nızamları tiykarında jolǵa qoyıw zárúrligin túsiniwleri, tábiyattanıw kursında pánler aralıq hám pánler ishindegi baylanıslardı sheshe alıwları menen baylanıslı. Bilimlendiriwdegi integraciya oqıw pánleri mazmunın konstrukciyalawǵa sistemalı qatnas jasaw arqalı kórip shıǵıladı.

Zamanagóy muǵallim kásiplik kompetentlik sıpatlarına iye bolıwı, óz ústinde izbe-iz islewi, kún sayın jańalanıp atırǵan bilimlerdi ózlestiriwge umtılıwı, oqıwshılarǵa oqıw maǵlıwmatların qızıqlı tárizde jetkeriw ushın sabaqlarga tayarlıq kóriwge dóretiwshilik penen qatnasa alıwı talap etilmekte [4]. Demek, global informaciyalasıw sociallıq subyektler, atap aytqanda, oqıwshılar tárepinen de qálegen maǵlıwmattı ıqtıyarlı túrde ózi ushın qamtıp alıw talap etiledi [5]. Sonlıqtan, global informaciyalasıw sociallıq subyektler, atap aytqanda, oqıwshılar tárepinen de qálegen maǵlıwmattı ıqtıyarlı túrde ózi ushın qolaylı sharayat hám hár qıylı orınlardan málimleme-kommunikaciya texnologiyaları járdeminde ózlestiriw imkaniyatın júzege keltirmekte. Bunday jaǵdayda maǵlıwmatlardı qabıl etiw imkaniyatı júdá keń bolsa da, biraq, shaxs tárepinen bunday tárizde ózlestirilgen maǵlıwmatlardıń hámmesi de bilim sıpatında kórinbeydi. Sebebi, bilimniń hár qanday informaciyadan tiykarǵı ayırmashılıǵı maǵlıwmatlardıń belgili tarawlar boyınsha sistemalı, izbe-iz, úzliksiz hám maqsetke muwapıq ózlestirilgenligi menen belgilenedi.

Bilimlendiriw sistemasında shın mánisinde oqıwshıǵa sapalı, paydalı, áhmiyetli, kerekli, kerekli hám ámeliy áhmiyetke iye maǵlıwmatlardı sistemalı túrde jetkere alıwı ushın búgingi kún oqıtıwshısı informaciyanı tez qabıl etiw, qayta islew hám oqıwshılarǵa nátiyjeli, qızıqlı tárizde jetkerip beriwdiń ilajların kóre alıwı zárúr [6]. Bul bolsa oqıtıwshınıń kásiplik kompetentlik sıpatları, pedagogikalıq sheberlik tiykarları hám kreativlik qábiletine iye bolıwı zárúrlik sıpatında búgingi kúnde áhmiyetliligi menen ayrıqsha áhmiyetke iye.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq pánler arasındaǵı baylanıs bilim beriw processiniń sıpatına tásir kórsetiwshi áhmiyetli túsinik sıpatında bilim beriwdiń belgili bir basqıshı bolıp, talabalar bilimin tereńlestiriwge hám rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Házirgi kúnde bir qatar pánler ushın ulıwma bolǵan túsinikler arasındaǵı baylanıslardı ornatıw psixologiyalıq hám metodikalıq tiykarı bolǵan integraciyalanǵan sabaqlar sistemasın islep shıǵıw hám sınaqtan ótkeriw zárúr. Sonıń menen birge pánler aralıq baylanıslar sabaq quramı dárejesinde oqıtılıwı hám zárúr oqıtıwdıń quralları menen támiyinleniwi kerek.

## Ádebiyatlar


1. Mavlyanova R., Raxmankulova N. Boshlang'ich ta’lim pedagogikasi, innovatsiya va integratsiyasi. –Toshkent: “Voris”, 2013.
2. Mavlonova R.A., Rahmonqulova N.H. Boshlang‘ich ta’limning integratsiyalashgan pedagogikasi". –Toshkent: “Ilm ziyo”, 2009.
3. G‘afforova T., Shodmonov E., Eshturdiyeva G. 1-sinf “O‘qish kitobi. – Toshkent: «Sharq», 2018.
4. G‘afforova T., Shodmonov E., G‘ulomova X. 1-sinf "Ona tili". –Toshkent: “Sharq”. 2018.
5. Abdurasilov S. Tasviriy san’at o‘qitish metodikasi. O‘quv qo‘llanma. – T.: “Aloqachi”. 2007.
6. Xasanov R. Tasviriy san’atdan sinfdan tashqari ishlar. – T.: Ishonch nashr savdo. MChJ. 2017 asoslari. 2009.



**REZYUME.** Ushbu maqolada umumiy o‘rta ta’lim maktablarida Tasviriy san’at hamda Ona tili va o‘qish savodxonligi fanlarini o‘qitishda integratsion yondashuv asosida ularni rivojlantirishga oid fikr-mulohazalar keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье представлены предложения и рекомендации по развитию предметов "Изобразительное искусство" и "Родной язык и чтение" в общеобразовательных школах на основе интеграционного подхода.

**SUMMARY.** This article discusses the development of visual arts and native language and reading literacy in general education schools based on an integrative approach.